

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan


Méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 203). Luyu jeung pamadegan Sugiyono (2016, kc. 3) nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara panalungtikan dina ngumpulkeun data. Sacara gemblerng yén ieu pamarekan téh miboga maksud pikeun maham sakabéh kajadian ku subjék panalungtikan. Pamarekan kualitatif téh ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan dina hiji kontéks husus nu alamiah (Rahmat, 2009, kc. 2).

Ieu panalungtikan téh patalina jeung pamarekan kualitatif, méthode anu dipaké nyaéta méthode déskriptif analitik. Méthode déskriptif analitik nyaéta méthode anu udaganana pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta atawa karakter tina objék nu dianalisisna (Ratna, 2012, kc. 53). Cindekna, méthode déskriptif analitik ngaguar ngeunaan pasualan-pasualan faktual anu satuluyna bakal dianalisis sacara teleb.

Méthode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan, miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis adegan lahir carita sarta ngabandingkeun tokoh wanoja utama anu aya patalina jeung sababaraha aspék. Hasil babandingan tuluy dianalisis jeung didéskripsikeun patalina jeung citra wanoja anu kagambar ku tokoh Astri dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung tokoh Arini dina novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia dumasar kana aspék fisik, psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat.

3.2 Désain Panalungtikan

Léngkah mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta nangtukeun rarancang panalungtikan, disebut *desain* panalungtikan. Hal nu mimiti téh ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. *Desain* panalungtikan nyaéta rarancang nu rék dilakukeun ku panalungtik dina proses panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 90). Desain ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Téknik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Aya dua téknik dina nyangking data panalungtikan nyaéta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 62) téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu stratégis dina panalungtikan. Ieu hal téh pikeun nyangking data. Ku kituna panalungtik kudu apal tur paham kana téknik ngumpulkeun data. Ku lantaran upama panalungtik teu apal kana téknik ngumpulkeun data, antukna data moal kapaluruh sacara gembler. Loba hal-hal anu bisa dilakukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Téknik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka. Ieu téknik dipaké dina ngumpulkeun jeung nganalisis data tur néangan sumber téori pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan. Cara ngalarapkeun ieu téknik nyaéta macaan jeung maluruh sumber data novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia. Ogé sumber data lianna nu aya patalina jeung pamarekan struktural, babandingan jeung féminisme idéologis.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta.

- 1) Maca novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.
- 2) Maluruh téma, fakta carita ngawengku (galur, palaku/watek, jeung latar), sarta sarana sastra ngawengku (judul jeung puseur implengan) dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.
- 3) Maluruh babandingan aspék-aspék palaku utama kayaning aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban, jeung aspék tambahan tokoh lalaki dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.
- 4) Maluruh aspék citra wanoja ditilik tina citra fisik, citra psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat.

- 5) Nyalin kana kartu data struktural, jeung kritik féminis idéologis dumasar kana opat citra wanoja anu digambarkeun ku tokoh wanoja, sangkan leuwih babari dianalisis.

3.3.2 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 87) yén dina panalungtikan kualitatif digunakeun téknik ngumpulkeun data sarta ngolah data, nu aya dina sababaraha sumber data. Langkah satuluyna nyaéta ngolah data. Nurutkeun Meolong dina (Djajanegara, 2000, kc. 85) yén téknik analisis struktur carita ngawengku téma, fakta carita (galur, latar jeung palaku atawa penokohan), jeung sarana sastra (judul jeung puseur implengan) jeung téknik analisis babandingan nyaéta prosés dina ngaruntuykeun data dumasar kana pola, katégori, jeung sajabana. Miles jeung Huberman dina (Djajanegara, 2000, kc. 85-86) léngkahna nyaéta saperti di handap.

- 1) Ngumpulkeun data ngagunakeun téknik obsérvasi, wawancara, atawa dokuméntasi;
- 2) Réduksi data, nyaéta prosés milih, museur kana data ku rek ditanglungtik;
- 3) Penyajian data, nyaéta informasi data luyu jeung katégori atawa tabél;
- 4) Kacindekan, nyaéta pedaran singget dina data nu nu geus dikumpulkeun.

Ku kituna, dumasar kana léngkah analisis data Miles jeung Huberman, ieu di handap dijéntrékeun léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan.

- 1) Milih karya sastra nu rék ditalungtik tuluy nitétan kana data anu geus kakumpul.
- 2) Nganalisis data, ku cara maluruh data dumasar kana masalah nu geus ditangtukeun nyaéta nganalisis bagian-bagian anu nuduhkeun kana struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), aspék-aspék pikeun ngabandingkeun tokoh utama wanoja, sarta citra wanoja ditilik tina citra fisik, citra psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat (kritik féminis idéologis) nu aya dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.
- 3) Ngabandingkeun palaku utama wanoja dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

- 4) Nganalisis citra wanoja nu digambarkeun ku tokoh wanoja anu béda tina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia, dumasar kana citra fisik, psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat.
- 5) Nyindekkeun hasil analisis data nu geus kapaluruh.

Téknik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta maké téknik analisis struktur carita ngawengku téma, fakta carita (galur, latar jeung palaku atawa penokohan), jeung sarana sastra (judul jeung puseur implengan) jeung téknis analisis babandingan.

Sangkan leuwih jéntré, baris diguar di handap ieu.

1) Téknik Analisis Struktur Carita NP jeung NSYTD

Mimiti, analisis dina kagiatan analisis data nyaéta nganalisis struktur carita dina novel *Puputon* jeung Novel *Surga yang Tak Dirindukan*. Struktur novel dianalisis dumasar kana téori struktural Robert Stanton (téma, fakta carita, jeung sarana sastra). Ku kituna anu dipaluruh nyaéta:

- a) Téma novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*;
- b) Fakta carita anu ngawengku galur, palaku, jeung latar dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*;
- c) Sarana sastra anu ngawengku judul jeung puseur implengan dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*.

2) Téknik Analisis Babandingan Tokoh Utama Wanoja dina NP jeung NSYTD

Sabada kapaluruh struktur carita, léngkah satuluyna nyaéta analisis citra wanoja dina palaku utama wanoja novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*. Nurutkeun Ruhaliah (2016, kc. 4) nyebutkeun yén lingkungan alam nu sarua, kajadian nu kaalaman ku sawatara bangsa, pangalaman pribadi nu sarua, bisa jadi bahan ulikan dina pamarekan sastra bandingan. Ieu hal téh bisa jadi aspék anu dibandingkeun pikeun palaku utama wanoja nyaéta:

- a) aspék fisik;
- b) aspék watek;
- c) aspék kasang tukang sosial;
- d) aspék pakasaban;
- e) aspék tambahan tokoh lalaki.

3) Téknik Analisis Citra Wanoja dina Palaku Utama NP jeung NSYTD

Analisis satuluyna tur pamungkas nyaéta analisis jeung ngadéskripsikeun citra wanoja anu kagambar ku palaku utama wanoja dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*. Citra wanoja nu dianalisis nyaéta citra wanoja dumasar kana opat aspék nurutkeun Sugihastuti nyaéta:

- a) citra fisik wanoja;
- b) citra psikis wanoja;
- c) citra sosial (kalungguhan di kulawarga jeung di masarakat).

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu bisa digunakeun pikeun ngarojong ngumpulkeun tur maluruh data dina proses panalungtikan. aya sababaraha instrumén anu bisa digunakeun di antarana nyaéta (1) tést, (2) angkét, (3) *interview*, (4) obsevasi, (5) skala bertingkat (rating), jeung (6) dokumentasi.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngangunakeun kartu data. Kartu data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil analisis tina struktur carita novel *Puputon* jeung *Surga yang Tak Dirindukan*. Babandingan aspék-aspék palaku utama kayaning aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban, jeung aspék tambahan tokoh lalaki. Salian ti éta, citra wanoja dumasar kana citra fisik, citra psikis, citra di kulawarga, jeung citra di masarakat bisa kapaluruh.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

3.4.1.1 Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Carita

- 1) Téma

Gambar 3.1 Conto Kartu Data Téma

Kartu Data 1	
1. Kode Data	:

2. Téma :

2) Fakta Carita

Gambar 3.2 Conto Kartu Data Galur

Kartu Data 2	
1. Kode Data	:
2. Bagian/ Episodé	:

Gambar 3.3

Conto Kartu Data Palaku/Watek

Kartu Data 3	
1. Kode Data	:
2. Struktur Carita	:

Gambar 3.4 Conto Kartu Data Latar

Kartu Data 4	
1. Kode Data	:
2. Jenis Latar	:

3) Sarana Sastra

Gambar 3.5 Conto Kartu Data Judul

Kartu Data 5	
1. Kode Data	:

2. Judul :

**Gambar 3.6 Conto Kartu Data
Puseur Implengan**

Kartu Data 6	
1. Kode Data	:
2. Puseur Implengan	:

3. Cutatan carita :

3.4.1.2 Instrumén Ngumpulkeun Data Babandingan

1) Kartu Data Babandingan Tokoh Utama Wanoja

Tabél 3.1 Conto Tabél Babandingan Palaku Utama Wanoja

No.	Keterangan	NP	NSYTD	Analisis
1.	Fisik			
2.	Watek			
3.	Kasang Tukang Sosial			
4.	Pakasaban			
5.	Tokoh Lalaki			

3.4.1.3 Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Wanoja

1) Kartu Data Citra Fisik dina NP

Gambar 3.7 Conto Kartu Data Citra Fisik NP

<p>Kartu Data 7 Citra Fisik NP</p>
<p>Kode Data : Cutatan :</p>

2) Kartu Data Citra Psikis dina NP

Gambar 3.8 Conto Kartu Data Citra Psikis NP

<p>Kartu Data 8 Citra Psikis NP</p>
<p>Kode Data Cutatan :</p>

3) Kartu Data Citra Sosial Wanoja (di kulawarga) dina NP

Gambar 3.9

Conto Kartu Data Citra Sosial Wanoja (di kulawarga) NP

<p>Kartu Data 9 Citra Sosial Wanoja NP (di kulawarga)</p>
<p>Kode Data : Cutatan :</p>

4) Kartu Data Citra Sosial Wanoja (di Masarakat) dina NP

Gambar 3.10 Kartu Data Citra Wanoja di Masarakat NP

<p>Kartu Data 9 Citra Sosial Wanoja NP (di masarakat)</p>
<p>Kode Data : Cutatan :</p>

5) Kartu Data Citra Fisik dina NSYTD

Gambar 3.11 Conto Kartu Data Citra Fisik NSYTD

Kartu Data 11 Citra Fisik NSYTD	
Kode Data	:
Cutatan	:

- 6) Kartu Data Citra Psikis dina NSYTD

Gambar 3.12 Conto Kartu Data Citra Psikis NSYTD

Kartu Data 12 Citra Psikis NSYTD	
Kode Data	:
Cutatan	:

- 7) Kartu Data Citra Sosial Wanoja (di kulawarga) dina NSYTD

Gambar 3.13 Conto Kartu Data Citra Sosial Wanoja NSYTD

Kartu Data 13 Citra Sosial Wanoja NSYTD (di kulawarga)	
Kode Data	:
Cutatan	:

Gambar 3.13

- 8) Kartu Data Citra Sosial Wanoja (di masarakat) dina NSYTD

Gambar 3.14 Conto Kartu Data Citra Wanoja di Masarakat NSYTD

Kartu Data 14 Citra Sosial Wanoja NSYTD (di Masarakat)	
Kode Data	:
Cutatan	:

3.4.2 Instrumén dina Ngolah Data

1) Stuktur Carita dina NP jeung NSYTD

Conto Analisis Struktur Carita dina Novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*.

Gambar 3.15

Conto Analisis Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur (Téma)	
1. Kode Data	: SC/NP/1/KD1/P1/CC5 2.
Téma	: kabungah hareupeun panon 3.
Cutatan Carita	:
<p>“Tiris May?” Cék Ismét bari nyalingkerkeun leungeunna kana taktak Mamay.</p> <p>“Henteu.” Témbalna pondok.</p> <p>“Kang Is mah hayang geura dugi ka bumi.”</p> <p>“Ari tos dugi badé naon?” Cék Mamay bari ngaléndotan, sirahna adek kana gado Ismét.</p> <p>“Hoyong geura éta.”</p>	

Pengkodean data di luhur dumasar kana unsur nu dianalisis. Sangkan leuwih jéntré, katerangan *pengkodean* data baris didadarkeun ieu di handap.

Kode data : SC/NP/1/KD1/P1/CC5

Keterangan : Kode SC nuduhkeun Stuktur Carita

Kode NP nuduhkeun novel *Puputon*

Kode 1 nuduhkeun téma

Kode KD nuduhkeun kartu Data

Kode P1 nuduhkeun paragraf

Kode CC5 nuduhkeun kana kaca cutatan carita

Kode dina struktur carita nyaéta (1) téma, (2) galur, (3) latar, (4) palaku/watek, (5) judul, jeung (6) puseur implengan dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

2) Kartu Data Babandingan Tokoh Utama Wanoja

Tabél 3.2 Conto Tabél Babandingan Palaku Utama Wanoja

No.	Keterangan	Tokoh Astri dina NP	Tokoh Arini dina NSYTD	Analisis
1.	Kasang Tukang Sosial	Wanoja Percéka	Wanoja Rancagé	<p>NP : tokoh Astri téh katémbong percéka dina ngurus rumah tangga. Katémbong ku Ismét dina laku lampah sapopoéna di imah.</p> <p>NSYTD : tokoh Arini nyaéta wanoja nu rancagé. Mahér dina sagala widang. Contona widang nulis, ngadongéng, kitu ogé dina ngurus rumah tangga kaasup ngurus salaki jeung budakna.</p>

Tina tabél babandingan di luhur, tuluy didadarkeun data nu ngarojong kana katerangan babandingan. Contona dina NP tokoh Astri, wanoja percéka dina ngurus rumah tangga.

.... katarik ku Astri téh ku timpuhna. Sorana halimpu lamun nyarita. Astri awéwé percéka, pinter ngatur rumah tangga....

Kode Data: NP/BPU/3/P2/14

Keterangan: Kode NP nyaéta singgetan tina novel *Puputon* jeung

Kode NSYTD singgetan tina novel *Surga yang Tak Dirindukan*

Kode BPU singgetan babandingan palaku utama

Kode 3 nuduhkeun kana aspék nu dibandingkeun ‘

Kode P2 nuduhkeun kana paragraf

Kode 14 nuduhkeun kana kaca cutatan carita

Kode dina babandingan tokoh utama nuduhkeun kana aspék nu dibandingkeun tina dua tokoh utama wanoja dina novel anu béda nyaéta (1) fisik, (2) watek, (3) kasang tukang sosial, (4) pakasaban, jeung (5) tokoh lalaki anu ngarojong ka tokoh wanoja.

3) Kartu Data Citra Wanoja

a) Kartu Data Citra Wanoja Fisik

Gambar 3.16

Conto Kartu Data Analisis Citra Wanoja

Kartu Data 6	
Citra Fisik Tokoh Astri dina NP	
Kode Data	: NP/CW/1/KD6/P2/CC35 Gambaran Fisik : katarik ku Astri téh ku timpuhna. Sorana halimpu lamun nyarita. Astri awéwé percéka, pinter ngatur rumah tangga....
Analisis	: dina sempalan cutatan di luhur, tokoh Astri téh wanoja nu bageur, percéka dina ngurus rumah tangga. Éta hal téh nu jadi pangirut ati Ismét.

Pengkodean data di luhur, dumasar kana carita citra wanoja nu dianalisisna. Sangkan leuwih jéntré, katerangan kode data baris didadarkeun ieu di handap.

Kode Data : NP/CW/1/KD6/P2/CC35

Katerangan : Kode NP mangrupa singgetan tina novel *Puputon*

Kode CW nuduhkeun kana analisis citra wanoja

Kode 1 nuduhkeun kana citra fisik wanoja

Kode KD nuduhkeun kartu data

Kode P2 nuduhkeun kana paragraf

Kode CC35 nuduhkeun kana kaca tina cutatan carita

Kode citra wanoja nyaéta (1) citra fisik wanoja, (2) citra psikis wanoja, (3) citra wanoja di kulawargana, (4) citra wanoja di masarakat. Pon kitu nu digunakeun dina

analisis citra wanoja tokoh utama dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*.

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan téh sagemblengna eusi carita dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia. Data lian anu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan di antarana buku sumber, wawancara, artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu aya tur raket patalina jeung ulikan struktural, babandingan, jeung kritik féminis idéologis.

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Data-data anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita dina novel *Puputon* jeung *Surga yang Tak Dirindukan* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Salian ti struktur carita, panalungtik maluruh data ngeunaan babandingan tokoh utama wanoja ditilik tina fisik, watek, kasang tukang sosial, pakasaban, jeung tokoh lalaki. Salian ti éta, maluruh ogé citra wanoja dina dua novel nu béda ditilik tina aspék fisik, psikis, kalungguhan di kulawarga jeung kalungguhan di masarakat.

3.5.2.1 Idéntitas Novel *Puputon* Karya Aam Amilia



Judul	: <i>Puputon</i>
Pangarang	: Aam Amilia
Medal	: Citakan ka-1 taun 1974
Pamedal	: PT. Kiblat Buku Utama
	Kandel Buku : 89 kaca

Gambar 3.17 Jilid novel *Puputon*

Novel *Puputon* karya Aam Amilia nyaritakeun ngeunaan tokoh awéwé nyaéta

Astri nu dicandung ku salakina ngaranna Ismét. Astri nu geus laki rabi jeung Ismét salila sapuluh taun lilana. Susah, bungah, bagja, sedih, sakabéh rasa geus kaalaman. Nepi ka cunduk kana waktuna béja ti pihak kaséhatan yén Astri moal bisa boga turunan.

Ismét, lalaki wijaksana jeung bageur kacida nyaahna ka Astri. Narima sagala kaonjohan jeung kahéngkérana pamajikanna. Tapi éta hal téh teu kungsi lila. Sangkan teu jadi pipikiran, Ismét ngumbara ka dayeuh néang pagawéan. Malah balik ka lembur gé méh bisa diitung unggal bulanna.

Ras aya béja, salaki Astri téh kawin deui. Tapi Astri teu percaya kana éta béja. Manéhna yakin yén salakina pasti satia salilana. Satia kana jangji anu baheula silih pasini jangji dina rumah tangga. Haté Astri teu bisa dibobodo. Karasa aya anu béda tina sikap salakina. Pék enya, Ismét téh kawin deui. Manéhna boga tujuan hayang boga turunan pikeun neruskeun hirupna. Mamay ngaran éta awéwé téh.

Ieu karya téh dianggap cocog pikeun jadi objek panalungtikan. hal-hal anu baris diguar téh nu aya patalina jeung strukturalisme ngawengku struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita), babandingan palaku utama wanoja ditilik tina fisik, watek, kasang tukang sosial, pakasaban, jeung tokoh lalaki. Salian ti éta ogé kritik sastra féminis nilik kana sababaraha aspék nyaéta citra fisik, citra psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat.

3.5.2.2 Biografi Singget Aam Amilia

Aam Amilia babar di Bandung, 21 Désémber 1946. Putra Bapa Rd. Muhammad Soleh Soeria Atmadja jeung Ibu Rd. Oenoeng Soetiah. Indung jeung bapa Aam Amilia nyaéta turunan ménak Sumedang jeung turunan ménak Tinimbangan-Garut.

Aam Amilia diasuh ku Ua nyaéta Rd. Uken Sukaeni Abdulhamid, lantaran ti kolotna geus pisah. Ua istri téh boga sikep nu heuras, prinsip nu hadé, pamikiran anu modern. Hal-hal nu aya dina diri Ua istri téh turun ka Aam Amilia. Anjeunna dididik pikeun jadi wanoja kuat jeung gagah, rajin ngaji, ibadah, jeung mahér dina sagala widang.

Ngarang asli Aam Amilia nyaéta Poersita Soeria Atmadja. Sakola di SDN

Lengkong Besar 105 Bandung jeung SDN Nilem Bandung. Nuluykeun ka SMPN 3 Bandung tur SMAN 1 Bandung. Teu cukup ti éta Aam Amilia gé neruskeun sakola ka paguron luhur Fakultas Hukum UNPAD.

Aam Amilia sastrawan Sunda nu rancagé. Mahér dina widang jurnalis, nulis carpon, tur pernah jadi rédaktur jeung wartawan di sababaraha media citak Sunda jeung Indonesia kaasup *Manglé*, *Hanjuang Bodas*, *Kudjang*, jeung *Pikiran Rakyat*. Harita, dina taun 1961 an nepi ka kiwari geus réa pisan hasil karya sastrana. Salian ti éta, taun 1968 anjeunna dilélér pinunjul kahiji ku IKAPI Jawa Barat dina *Kategori Bacaan Dewasa* dina genre basa Sunda. Di sagédéngun ti éta, Aam Amilia dilélér Hadiah Sastra Rancagé ku Yayasan Kabudayaan Rancagé. Anjeunna gé pernah jadi Pupuhu Paguyuban Sastrawati Sunda (Patrem) nepi ka taun 2010.

Lain ukur pangarang waé, anjeunna jeung sababaraha sastrawan séjénna asup dina hiji komunitas Caraka Sundanologi di Bandung. Ieu komunitas téh pikeun ngalatih nonoman supaya mahér dina widang ngarang karya sastra. Anjeunna ngalatih tur ngabimbing sabararaha nonoman, di antarana Holisoh M.E, Tatang Sumarsono, Yus R. Ismail, Rosyid E. Abby, Tety S. Nataprawira jeung Herman Aksan. Anjeunna téh disebut “Ibu Sastrawan Sunda”.

Anapon karya-karyana nyaéta *Samagaha* (1969), *Asmara Ngambah Sagara* (1970), *Lalangsé* (1970), *Karena Kasih Sayangmu* (1971), *Puputon* (1974), *Jago-Jago Bandung Selatan* (1975), *Buron* (1980), *Kalajengking* (1980), *Di Ujung Bayangbayang* (1989), *Sanggeus Halimun Peuray* (1992), *Panggung Wayang* (1992), *Tempat Balabuh* (1994), *Sekar Karaton* (1994), *Kutunggu di Bukit Bunga* (2005), *Suminar* (2008), *Talaga Malihwarni* (2012), *Kembang-Kembang Anten* (2014), *Di Antara Tilu Jaman* (2016), *Kalangkang Panonpoé (The Shadow Of The Sun)*, *Jangji Asih* (2017), *Salikur Carpon Patrem* (2017), *Keretas Bodas dina Antologi Carita Pondok Katilu Panglawungan 13* (2019), *Kalangkang Japati* (2019), jeung karya séjénna. Ieu hal téh bisa méré conto nu hadé, yén wanoja rancagé tur bisa ngébréhkeun salah sahiji kaonjoyanana (Isnendes, 2017, kc. 50-54).

3.5.2.3 Identitas Novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia Judul

: *Surga yang Tak Dirindukan*

Pangarang : Asma Nadia

Medal : Citakan ka-1, Juni 2014
 Citakan ka-7, Desember 2014
 Citakan ka-8, Januari 2015
 Citakan ka-9, Februari 2015
 Citakan ka-10, Februari 2015
 Citakan ka-11, Maret 2015
 Citakan ka-12, Maret 2015
 Citakan ka-13, April 2015
 Citakan ka-14, April 2015
 Citakan ka-15, Mei 2015
 Citakan ka-16, Mei 2015
 Citakan ka-17, Mei 2015
 Citakan ka-18, Juni 2015
 Citakan ka-19, Juni 2015
 Citakan ka-20, Juni 2015

Pamedal : AsmaNadia Publishing House

Kandel Buku : 288 kaca



Gambar 3.18 Jilid novel *Surga yang Tak Dirindukan*

Arini, tokoh wanoja nu rancagé dina ieu novel. Mahér dina widang komunikasi, jurnalis, jeung nyieun buku. Resep kana dunya dongéng ogé. Getih seni jeung rancagéna, ngamalir ti indung jeung bapana. Antukna Nadia gé boga getih seni nu sarua. Arini, Prasetya jeung Nadia bisa disebut kulawarga anu bagja.

Rumah tangga teu salawasna mulus rahayu, tapi Arini jeung Prasetya tetep tigin pikeun satia babarengan. Nepi ka Nadia boga adi, ngaranna Adam jeung Putri. Rumah tangga nu luyu jeung kahayang Arini. Pinuh ku kabagjaan saperti dina carita dongéngdongéng nu sok didongéngkeun ku bapana.

Mangsa kahareupna teu bisa kasawang. Hiji kajadian teu kahaja, Prasetya boga niat alus pikeun nulungan jalma nu kacilakaan. Tapi niat alus téh teu saluyu jeung hartina. Prasetya nulungan éta jalma téh hartina nyandung. Lantaran ieu awéwé téh rék bunuh diri hareupeun Prasetya atawa disebut Pras. Hiji-hiji na léngkah pikeun nulungan ieu awéwé téh nyaéta kawin. Rumah tangga nu dijaga téh ruksak ti harita. Méi Rose, awéwé nu ampir cilaka téh ditulungan ku Prasetya.

3.5.2.4 Biografi Singget Asma Nadia

Tokoh-tokoh sastrawan di Indonésia kawilang réa pisan. Upama dina genre Indonesia, salah sahijina nyaéta Asma Nadia. Lahir di Jakarta, 26 Maret 1972. Asmarani Rosalba ngaran lengkepna. Tapi masarakat leuwih wanoh ka ngaran Asma Nadia. Anjeunna ogé salaku jalma nu ngadegkeun Forum Lingkar Pena jeung Manajer Asma Nadia Publishing House. Masarakat apal téh sabab loba karya na anu aya di bioskop. Asma Nadia nyaéta pangais bungsu ti Bapa Amin Usman jeung Ibu Maria Eri Susanti, mualaf ti getih Tionghoa. Helvy Tiana Rosa téh budak cikal jeung Aeron Tomino budak bungsu.

Asma Nadia sakola di SMA Budi Utomo, tur nuluykeun di Fakultas Teknologi Pertanian Institut Pertanian Bogor. Tapi sakola di paguron luhur téh teu tamat, sabab gering. Tapi lantaran getihna mahér dina widang nulis, anjeunna rajin ngirim sababaraha karyana ka redaksi majalah. Lain dina widang cerpen hungkul, tapi ogé puisi jeung lirik lagu. Karya nu mimiti kawéntar téh nyaéta *Album Koran Gondrong dan Imut*. Éta album téh jadi pinunjul dina *Lomba Menulis Cerita Pendek Islami* (LMCPI) taun 1994, tur taun satuluyna diayakeun dina *Majalah Anninda*. Prestasi nu

dihontal ku Asma Nadia kawilang réa pisan. Dina taun 2001, salah sahiji buku nu judulna *Rembulan di Mata Ibu* jadi pemenang dina kategori *Buku Remaja Terbaik*.

Ieu wanoja téh kawilang aktif pisan. Kungsi ngalalana ka luar nagri salaku narasumber dina sabararaha acara. Kaonjoyanana geus diaku, yén dirina téh bisa méré motivasi, inspirasi jeung hal nu hadé pikeun jalm réa. Taun 2009 gé kungsi ngurulingan Eropa salaku pangeusi seminar di sabaraha dayeuh saperti Jenewa, Berlin, Roma, Manchester jeung Newcastle.

Karya-karya Asma Nadia di antarana nyaéta *Rembulan di Mata Ibu* (2001), *Dialog Dua Layar* (2002), *Jendela Rara* (2003), *101 Dating: Jo dan Kas* (2005), *Jangan Jadi Muslimah Nyebelin* (2006), *Emak Ingin Naik Haji* (2009), *Muhasabah Cinta Seorang Istri* (2009), *Salon Kepribadian* (2013), *Catatan Hati Bunda* (2013), *Assalamualaikum Beijing* (2013), *Surga yang Tak Dirindukan* (2015), *Jilbab Traveler* (2015), *Aisyah Putri The Series: Jilbab In Love* (2016), *Bidadari Untuk Dewa* (2017), jeung karya séjénna. Asma Nadia konsisten dina amal ibadah. Anjeunna ngadegkeun Yayasan Asma Nadia. Tuluy ngadegkeun deui Rumah Baca Asma Nadia tur geus sumebar di Indonesia. Ieu yayasan téh leuwih museur pikeun anak yatim piatu jeung anak nu kurang mampu (Satupena, 2018).